

Konsèy pou Konteste yon desizyon FEMA

Release Date: Dec 6, 2021

Si ou te aplike pou asistans katastwòf nan FEMA apre siklòn Ida te fin ravaje Mississippi, ou te ka deja resevwa yon lèt detèminasyon – epi petèt ou pa dakò avèk rezilta a. Ou gen dwa pou konteste desizyon an.

Souvan, yo voye lèt sa yo lè aplikasyon w lan manke kèk enfòmasyon. Petèt ou pa t montre prèv kimoun ou ye, oswa prèv ou posede oswa lwe kay ou, oswa prèv ou abite lakay ou pou yon gwo pati nan ane a anvan katastwòf la.

Men kèk konsèy pou ekri yon lèt pou konteste yon desizyon FEMA.

Yon pati enpòtan nan pwosesis la se konnen delè limit pou plede dosye w: 60 jou apati dat lèt detèminasyon an.

FEMA te ka di aplikasyon w lan pa t elijib pou asistans, oswa ke FEMA ap sispann deside sou apikasyon w. Souvan rezon an osi senp kòm yon mank dokiman sipò oswa enfòmasyon. Li lèt FEMA apati kòmansman jis nan fen pou ede w konprann kisa ajans la nap mande w pou fè.

Lèt siyen ak date ou an nan li menm pa ase pou fè FEMA to rekonsidere desizyon l. Ou bezwen prèv pou sipòte sa wap reklame a. Ou dwe bay dokiman owa enfòmasyon FEMA mande yo. Apèl ou an dwe alekri.

Men kisa pou enkli avèk lèt ou an:

- Yon kopi lèt FEMA ki di ou pa inelijib pou asistans, oswa ajans sa pa t pran yon desiyon, oswa kantite lajan ki te akòde a pa t ase.
- Korespondans ki soti bò kote konpayi asirans ou ki montre out e resevwa senpleman yon ti fraksyon sous a ou bezwen pou reparasyon yo, pa ase pou ede w tanporèman deplase ale nan yon lòt plas, oswa pa ase pou ranplase sèten byen pèsònèl. Kenbe nan lespri w ke FEMA pa ka ba ou yon prim pou yon bagay konpayi asirans ou te deja peye.
- Yon kopi bòdwo sèvis piblik, lisans chofè, kontra lwaye oswa kontra, relve bankè, dokiman lokal lekòl, imatrikilasyon veyikil a motè, oswa lèt travay. Tout sa kapab itilize pou pwouve kay ki andomaje oswa lokasyon se te rezidans



prensipal ou, sa vle di ou te abite isit la pandan yon gwo pati nan ane a.

- Yon prèv pwopriyete kay, tankou ipotèk oswa dokiman asirans, resi taks, dokiman legal, resi pou gwo reparasyon yo nan delè dènye ane ki sot pase yo, oswa yon dokiman tribinal. Si papyè ou yo te pèdi oswa detwi, klike sou www.usa.gov/replace-vital-documents pou w jwenn enfòmasyon sou kijan pou ranplase yo.

Siyen ak date lèt apèl ou an. Pa bliye pou enkli nimewo aplikasyon nèf-chif FEMA ou an sou chak paj ansanm avèk nimewo katastwòf ou (DR-4626-MS). Voye pake a pa lapòs nan:

- FEMA National Processing Service Center, P.O. Box 10055, Hyattsville, MD 20782-8055
- Oswa faksè l nan 800-827-8112, Atansyon: FEMA

Si ou te kreye yon kont FEMA nan www.DisasterAssistance.gov, ou ka telechaje dokiman yo isit la.

Ou ka resevwa yon apèl oswa lèt nan FEMA ki mande plis enfòmasyon. Oswa FEMA ka pwograme yon lòt enspeksyon nan kay ou. Nan nenpòt ka, ou ka atann yon lèt desizyon nan lespas 90 jou apre FEMA fin resevwa apèl ou an.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon sou efò rekiperasyon Mississippi, vizite www.fema.gov/disaster/4626. Swiv FEMA sou Twitter nan <https://twitter.com/FEMARegion4> ak sou Facebook nan www.facebook.com/fema.



FEMA